

2026-2027

Kijan pou Finanse Edikasyon'w Etap-pa-Etap nan Curry College

Swiv etap ke nou ba'w pa anba pou kapab aplike ak siksè pou èd finansyè e ek-plore tout opsyon finans ki disponib ke ou kapab elijib pou li.

Etap 1: Pran yon FSA-ID (Oktòb/Novanb)

- O mwen yon paran dwe bay enfòmasyon yo nan Aplikasyon gratis pou èd Finansyè yo (FAFSA) e elèv la dwe genyen pwòp FSA-ID yo.
- Ou kapab kreye FSA-ID nan studentaid.gov
- Yon fwa ke FSA-ID'w aktif, pase a etap 2.

Etap 2: Konplete Aplikasyon (Free Application for Federal Student Aid FAFSA) (Disponib 1 Oktòb)

- FAFSA obligatwa pou tout kolèj ak inivèsite pou yo detèmine elijibilite'w pou pwogram èd finansyè leta e federal. Adisyonèlman, Curry sèvi ak FAFSA pou detèmine elijibilite'w pou sibvansyon ki baze sou bezwen nan Curry.
- Ou kapab konplete FAFSA sou entènèt nan studentaid.gov a pati de 1 Oktòb
- Nimewo kòd federal pou Curry se 002143

Etap 3: Resevwa Lèt Prim ou (An Desanb)

- Lèt Prim Curry ou ap enfòmè'w de elijibilite'w pou èd fon leta, federal ak enstitisyon (finansman de Curry) ke ou elijib pou li. Lèt Prim lan ap enkli tout bous ak prim ke yo ofri'w de Ofis Admisyon an.
- Cheke pwent alè a dwat lèt la pou kapab wè si prim lan se yon Estimasyon ou Ofisyèl. Estimasyon an vle di ke gen enfòmasyon adisyonèl ke yo bezwen nan aplikasyon èd finansyè anvan kapab fè prim lan vin ofisyèl. Prim ofisyèl vle di ke pa gen lòt enfòmasyon ki nesesè nan moman sa pou detèmine elijibilite'w pou èd. Pou detèmine ki enfòmasyon adisyonèl ki nesesè pou estimasyon prim ou an, tanpri cheke nan tab "Finance" nan myCurry oubyen kontakte Ofis Sèvis Finans Elèv nan 617-333-2354 oubyen fin-aid@curry.edu
- Sa ki enkli nan lèt prim ou an se yon Gid pou Prim ki ba'w enfòmasyon sou prim spesifik ke ou resevwa. Sa ki enkli tou se chan Fòm Chanjman ki pèmèt ou refize oubyen redwi prè a ak prim pou travay-etid ki kapab vinn fè pati de pake èd la

Etap 4: Revize Pri (Janvye/Fevriye)

- Nan dèyè do Lèt Prim pou èd la w'ap wè yon estimasyon de pri pou ane akademik la. Pri ya ap enkli lekòl, chanm ak kote ou rete (si li apikab) ak frè obligatwa yo. W'ap wè montan èd ke ou resevwa ak estimasyon de balans ki rete an. Sa se yon estimasyon de montan bill ke w'ap peye ou menm. W'ap bezwen achte liv pou chak semès. Liv d'abitid koute \$1,200 pou ane an.

Etap 5: Develope yon Plan Finansman (Mas/Avril)

- Si ou bezwen finance pòsyon montan pa'w la, se lè ou pral eksplòre opsyon ou yo.
 - ♦ Kòmase pa vizite sit entènèt Curry nan seksyon ki rele Affordability For Future Students. La w'ap kapab li sou kòman de elèv Curry ak fanmi yo finance edikasyon yo
 - ♦ Nou rekòmande pou revize prezantasyon PowerPoint an sou *Financing a Curry College Education– Putting the Pieces Together* ki lokalize nan Affordability For Future Students.
 - ♦ Revize Resous nou pou Finance Edikasyon Curry <https://www.curry.edu/admission-and-aid/tuition-and-financial-aid/student-loans> ki vbay detay sou plan peman san enterè pa mwa ak opsyon sou prè prive e federal.
- Plizyè nan fanmi Curry yo sèvi ak yon "konbinezon" de plan peman pa mwa ak prè prive oubyen prè PLUS pou finance edikasyon elèv la. Sa ede ou prete mwens!

Etap 6: Mete plan Finansman'w an Aksyon (Me/Jwen)

- Kòmase aplike pou prè prive oubyen PLUS e/oubyen inisye yon plan peman. Nou vrèman rekòmande'w pou finance rès balance ou pou tout ane a pa sèlman pou yon semès
- Refere nan pay pa dèyè lèt prim ou an ki ba'w yon lis de depans yo ak yon estimasyon de balans pa'w pou tout ane a. Sa ap asiste'w pou detèmine montan anyèl pou finance.
- Tout aplikasyon prè ak peman kapab konplete sou entènèt dirèkteman nan sit entènèt founisè a
- Konplete obligasyon Prè Dirèk la. Si w'ap aksepte Prè Dirèk men ki obligasyon: Nòt pou pwomèt pou peye (Master Promissory Note MPN) ak Konsèy pou Antre (Entrance Counseling) ap bezwen konplete. Tout obligasyon sa yo kapab konpete sou entènèt nan studentaid.gov Curry ap resevwa notifikasyon elektronikman yon fwa ke obligasyon sa yo konplete

Etap 7: Revize Dat Enpòtan Sa Yo

- Mitan Jwen - Otòn 2026 bil pou semès la voye pa lapòs.
- Mitan a Fen Jwen - Etabli plan peman ou Otòn ak Flywire
- Mitan Jiyè - Semès Otòn dwe peye.
 - ♦ Disi dat mitan Jiyè, bil pou otòn dwe a jou (peye an antye, plan peman oubyen prè sètifye oubyen prè PLUS).
- 1 Oktòb - Ranpli FAFSA 2027-28 nan studentaid.gov
- Mitan-Novanb - Prentan 2027 bil pou semès lan voye.
- Fen Novanb - Etabli yon plan peman ak Flywire.
- Mitan Desanb - Semès Prentan dwe peye.
 - ♦ Disi dat mitan Desanb, bil pou otòn dwe a jou (peye an antye, plan peman oubyen prè sètifye oubyen prè PLUS).

Si ou gen okenn kesyon pandan tout sa, tanpri kontakte Ofis Sèvis Finans pou Elèv nan fin-aid@curry.edu oubyen 617-333-2354

